PROBLEMS AND SOLUTIONS OF
SCIENTIFIC AND INNOVATIVE RESEARCH
Volume 01, Issue 07, 2024

# MOTIVACIYA MODELLERI

**Ańsatbaeva Gúljayna**
**Berdaq atindaǵi Qaraqalpaq Mámleketlik universitetinininń pedagogika psixologiya kafedrasi**
**Ámeliy psixologiya qánigeliginiń 2- kurs talabasi**
**Ilmiy basshi:Óskinbaeva Gulziyba**

**Annotaciya.** Bul maqalada motivaciya hám motivaciya modelleri haqqında pikirler júritiledi. Ásirese, shet el alımlarınıń motivaciya modelleri (teoriyaları) boyınsha alıp barılǵan izertlew jumısları, basshılardıń qol astındaǵı xızmetkerlerdi basqarıwdaǵı motivaciya beriw, insannıń óz ústinde islewi, onıń motivaciyası sıyaqlı maǵlıwmatlar orın alǵan.

***Gilt sózler:*** *motiv, motivaciya, motivaciya modelleri, motivaciya teoriyaları, dástúriy model, mazmunlı model, processual model.*

**Kirisiw.** Dúnya kólemindegi globallasıw processi nátiyjesinde júzege kelgen mámleketler aralıq ekonomikalıq hám mádeniy integraciya túrli taraw qánigeleriniń rawajlanıw dáwiri tendenciyaların túsiniw, ózin-ózi basqarıw, bar bolǵan bilimlerdi jetilistiriwge bolǵan zárúrlikti elede kúsheytirmekte.

Búgingi kúnde hár bir tarawdı basqarıw sistemasında, basshılardıń motivaciya, motivaciya modellerin (teoriyaların) biliwi, olardıń xızmetkerlerdi basqarıw tarawındaǵı biliminiń joqarı bolıwı úlken áhmiyetke iye másele bolıp tabıladı.

**Tiykarǵı bólim.** Motivaciyaǵa erte jantasıwlar hár qanday xızmetkerge hár qanday jaǵdayda qollanılıwı múmkin bolǵan universal motivaciya modelin jaratıwǵa urınıwlar menen xarakteristikalanadı. Basqarıw tarawında motivacion processti xarakteristikalaw ushın shártli ráwishte tómendegishe klassifikaciyalanıwı múmkin bolǵan motivaciya modellerinen (teoriyalarınan) paydalanıw ádetiy jaǵday bolıp tabıladı:

- Dástúriy model;
- Mazmunlı model;
- Processual model.

**Dástúriy model.** Bul model Frederik Teylor [3] tárepinen XX ásirdiń baslarında usınıs etilgen. F.Teylordıń sózlerine kóre, basshılar tákrariy wazıypalardı islewdiń eń nátiyjeli usılların anıqlap alıwları kerek hám keyin materiallıq xoshametlew sistemalarınan paydalanǵan halda xızmetkerlerdi joqarı nátiyjelilikke

iytermelewi kerek. Xızmetkerdiń miynet ónimdarlığı qanshelli joqarı bolsa, olarğa kóbirek is haqı tólenedi.

Dástúriy modeldıń tıykarğı mazmunı sonnan ibarat bolıp, xızmetkerlerdi islewge joqarı motivaciya payda qılıw ushın tómendegiler zárúr:

- jumıstı anıq tártipke salıw hám shólkemlestiriw;
- is haqınıń kemeyiwine jol qoymastan, is haqını tólew formalarına ótiw;
- bárshe xızmetkerlerdi máteriallıq xoshametlew ushın jalğız shárt-sharayatlardı jaratıq;
- artıp baratırğan dáramat penen "turaqlı" túrde kompensaciya tólew (G.Ford.).

Dástúriy modeldiń de bir qansha mashqalalı tárepleri bar: tiykarğı itibar materiallıq xoshametlewge qaratılıwı; ishki motivaciya faktorları esapqa alınbawı; hár qanday xızmetkerlerdi xoshametlewdiń jalğız bağdarı shamalanğanlığı bolıp tabıladı.

Motivaciyanıń **mazmunlı modeline** tómendegiler kiredi:

1. Masloudıń zárúrlikler ierarxiyasi teoriyası;
2. Gercbegtıń motivaciyanıń eki faktorlı modeli;
3. Mak-Klellandtıń úsh faktorlı modeli;
4. Mak-Gregordıń "X", "Y" teoriyası;

**Masloudıń zárúrlikler ierarxiyasi teoriyası.** A.Maslau [2] teoriyası adamlar mápleri ierarxiyası principine tiykarlanadı. Ol insan zárúrlikleriniń tómendegi klassifikaciyasın usınıs etedi:

- Fiziologiyalıq zárúrlikler (ashlıq hám shóldi qandırıw, úyqlaw hám dem alıwğa bolgan zárúrlik).
- Qáwipsizlik zárúrlikleri – bul turaqlılıqtı támiyinlew, qorğaw, qorqıw, , táshwish hám basqalardan azat bolıw.
- Tiyislilik hám muxabbatqa bolğan zárúrlik shańaraq, doslar, qarım-qatnas sıyaqlı túsiniklerde kórinedi.
- Tán alıwğa bolğan zárúrlik isenim, erkinlik, abroy-itibar, abıray, dáreje, shan-shuxrat hám basqalardıń dıqqatı.
- Ózin-ózi kórsetiw zárúrligi – bul insannıń ózine tán bolğan potenciyalın ámelge asırıw qálewi.

Maslaudıń [2] atap ótiwinshe, insannıń joqarıdağı bárshe zárúrlikleri ierarxik dúziliske qurılğan bolıp, onda eń pás dárejeni fiziologiyalıq zárúrlikler iyeleydi, onnan keyin qáwipsizlik, tiyisli bolıw hám muxabbat zárúrlikleri, tán alıw zárúrligi hám eń joqarı zárúrlik – ózin-ózi kórsetiw zárúrligi.

**Gercbegtıń motivaciyanıń eki faktorlı modeli**. Bul teoriya uzaq waqıttan beri motivaciyanıń klassik teoriyası dep ataladı. Teoriyanıń tiykarǵı mazmunı xızmetkerdiń ekonomikalıq minez-qulqına tásir etiwshi faktorlardı ajratıwdan ibarat.

Birinshi topar faktorlar **"motivatorlar"** bolıp tabıladı. Bularǵa xızmetkerdıń jumıs ornında ózin-ózi ańlaw, kásiplik ósiw, jetiskenlikler, lawazımǵa kóteriliw, tán alınıwı hám juwapkershiligi kiredi. Motivatorlar shaxstıń maqsetlerge erisiw zárúrliklerin qanaatlantıradı.

Ekinshi topar faktorları **"gigienik"** bolıp tabıladı. Buǵan tómendegiler kiredi: is haqını adalatlı bólistiriw, basqarıwdıń texnikalıq tárepleri, miynet sharayatları, onıń isenimliligi hám turaqlılıǵı, sonıń menen, basqarıwdıń ulıwma adminstrativlik stili sıyaqlılar kiredi. Gigienik faktorlar insan zárúrliklerin qannatlandıradı, jaǵımsız jaǵdaylardan qashıwǵa járdem beredi [1].

Solay etip, jumıstan qanaatlanıw, birinshi náwbette, motivatorlardıń tásiri menen baylanıslı bolǵan faktorlar menen baylanıslı bolsa, jumıstan narazılıq gigiena faktorlarınıń nátiyjesi bolıp tabıladı.

**Mak-Klellandtıń úsh faktorlı modeli.** Mak-Klellandtıń pikirine kóre, insan is-háreketi úsh zárúrlik toparına tásir qıladı:

- jetiskenlikler;
- sheriklik;
- húkimranlıq.

Jetiskenlikke bolǵan zárúrlik insannıń óz maqsetlerine aldınǵıdan da kóre nátiyjelirek erisiw qálewinde payda boladı.

Sheriklik zárúrligi basqalar menen dostana múnásebetlerge umtılıw formasında payda boladı.

Húkimranlıq zárúrligi úyreniw, turmıslıq tájriybe tiykarında ózlestiriledi, rawajlanadı hám insan óz ortalıǵında júz berip atırǵan adamlar, resurslar hám processlerdi basqarıwǵa umtılıwınan ibarat.

Húkimranlıq zárúrligi eki topar umtılawlar tiykarında júzege keledi:

- hákimiyat ushın hákimiyattı qolǵa kiritiw;
- topar maqsetlerine erisiw ushın kúshge iye bolıw.

Mak-Klelland teoriyasınıń eń zárúr jetiskenligi motivlardıń eki toparın ajıratıw bolıp tabıladı: jantasıw motivları hám qashıw motivları.

Mak-Klelland tárepinen kórip shıǵılǵan zárúrlikler ierarxiyalıq tárizde tártipke salınbaǵan hám túrli dárejede payda bolıwı múmkin [1].

**Mak-Gregordıń "X", "Y" teoriyası.** Mak-Gregor birinshi bolıp jumıs motivaciyası sistemaları menejerdiń óz qol astındağılardıń ústin motivacion ózgesheliklerine tiyisli gipotezaları hám qaraslarına tuwrıdan-tuwrı baylanıslı ekenligine itibar qaratdı [1].

Ol bul gipotezalardıń bárshesin eki tayıpağa ajıratadı hám olardı "X teoriyası" hám "Y teoriyası" dep atadı.

X teoriyası xızmetkerlerdi xoshametlewdiń tómendegi tiykarğı noqatlarına tiykarlanadı: xızmetkerler islewdi jaqtırmaydı hám kereksiz (olardıń pikirinshe) háreketlerden qashıwğa háreket qıladı; jumısshılar juwapkershiliksiz hám ğárezsiz emes; jumısshılardı xoshametlew ushın olarğa májbúrlew, qadağalaw hám jazalaw kerek; jumıs ornınıń mánisi onıń turaqlılığı hám qáwipsizliginde bolıp tabıladı; xızmetkerler ózin-ózi ańlawdıń keregi joq.

Y teoriyası xızmetkerlerdi xoshametlewdiń tómendegi tiykarğı noqatlarına tiykarlanadı: jumısshılar jumıstı hár qanday insan ushın zárúr bolğan processlerden biri sıpatında qabıl qıladı; xızmetker, eger qızığıwshılıq bolsa, ózin-ózi shólkemlestiriw hám ózin-ózi basqarıw qábiletine iye; xızmetkerler juwapkershilik hám qarar qabıl qılıw erkinligine mútáj; xızmetkerler jańa xızmet, dáretiwshilik hám jetiskenliklerhe mútáj (yağnıy, olar ózin-ózi ańlaw ushın háreket qıladı); ózin-ózi ańlaw ushın erkinlik hám múmkinshiliklerdi sheklew jumıs nátiyjeligining páseyiwine alıp keledi hám xızmetkerdi shólkem maqsetlerine qarsı turıwğa májbúr qıladı.

**Processual model.** Processual modelge tıykarınan tómendegiler kiredi:

- Porter-Louler teoriyası.
- V.Vroom kútiwler teoriyası.
- S.Adamstıń adalat teoriyası [5].

**Porter-Louler teoriyası** (avtorlar L.Porter, E.Lawler) bes ózgeriwshi bar bolğan modelge itibar qaratadı: sarıplanğan kúsh, qabıl etiw, alınğan nátiyjeler, sıylıq, qanaatlanıw dárejesi.

Bul teoriyanıń tiykarğı juwmaqları tómendegilerden ibarat:

- Insanniń qádriyatlar sistemasında nátiyjelerdiń anıqlığı zárúr rol oynaydı. Basqa bárshe nárseler teń bolsa, nátiyje qanshelli kem bolsa, onı ámelge asırıw ushın kemrek kúsh sarıplanadı.
- Insan sırtqı sıylıqlardan tısqarı (máselen, is haqı yakı bonus) ishki sıylıqlardı (orınlanğan jumıstan quwanıw hám basqalar) aladı, bul onıń qanaatlanıw dárejesin asırıwğa járdem beredi.

- Tekǵana sırtqı sıylıqlar, bálki bul sıylıqtıń adalatlılıǵına shaxstıń bahalawı da zárúr. Eger adalatlı is haqını bahalaw haqıyqattan joqarı bolsa, onda adam keyinshelik nátiyjeli islew ushın xoshametti joǵaltadı.

- Jumıstıń joqarı kórsetkishleri onıń nátiyjesi emes, bálki qanaatlanıw sebebi de bolıp tabıladı. Jáne, qanaatlanıw jumıstı baslawdan aldın emes, bálki u tamamlanǵannan keyin payda bolıwı kerek [5].

**V.Vroom kútiwler teoriyası.** V.Vroomnıń kútiwler teoriyasınıń mazmunı sonnan ibarat bolıp, nátiyjeli xızmet ushın motivaciya hár bir motivacion faktor boyınsha valentlik ónimleri jıyındısına hám birinshi dárejeli nátiyjelerge erisiwge alıp keletuǵın qabıl etilgen qábiletine (yakı subiektiv itimallıǵına) baylanıslı.

Solay etip, motivaciya úsh túrdegi baylanıslarǵa tıykarlanadı:

- “qárejet-nátiyjet” (Q-N) baylanıs.
- “nátiyje-sıylıq” (N-S) baylanıs.
- Valentlik – individual motivacion faktorlardıń payda bolıw kúshi sıpatında.

Motivaciya = Q-N x N-S x Valentlik.

Sol menen birge, birinshi dárejedegi nátiyjeler (Q-N baylanısı) tiykarınan adam óz basshısınan alatuǵın rejelestirilgen wazıypalardı bildiredi.

Ekinshi dárejedegi nátiyjeler (N-S baylanısı) birinshi dáreje nátiyjeleriniń funkciyası bolıp, shaxstıń ózi ushın zárúr bolǵan xızmet nátiyjelerin (pul sıylıǵı muǵdarı, lawazımǵa kóteriliw, kásiplesler húrmeti hám basqalar) bildiredi.

Valentlik insannıń belgili bir zárúrligin qanaatlandırıw qálewiniń kúshin ańlatadı [5].

**S.Adamstıń adalat teoriyası.** Adamlar subiektiv ráwishte alınǵan sıylıqtıń sarıplanǵan is-háreketlerge qarata qatnasın anıqlaydı hám keyin onı soǵan uqsas jumıslardı orınlaytuǵın basqa adamlardıń sıylıqları menen salıstıradı. Eger salıstırıw adalatsızlıqtı kórsetse, yaǵnıy adam kásiplesi tap sol jumıs ushın kóbirek sıylıq alǵan dep esaplasa, ol psixologiyalıq stresstı basınan keshiredi.

S.Adamstıń adalat teoriyası boyınsha xızmetkerler ortasında joqarıda kórsetilgen jaǵdaylar boyınsha adalattıń joqlıǵı aqıbeti tómendegi is-háreketlerde kórinedi: óz jumısı ushın haqtı asırıwǵa urınıw (tuwrıdan-tuwrı narazılıqtı bildırıw yakı unamlı aktivlikti asırıw); mákemeniń basqa aǵzalarınıń poziciyasına tásir qılıw; bólim yakı kompaniyanı tárk etiw; óz hárketlerin kemeytiriw; óz xızmetlerin pás bahalamaslıq; basqa salıstırıw obiektin tańlaw [5].

**Juwmaq.** Joqarıdaǵı motivaciya modelleri boyınsha alıp barılǵan ullı alımlardıń teoriyaları búgingi kúnde de óz áhmiyetin joytqanı joq. Sebebi insan ómir súrer eken, oǵan hámiyshe motiv, motivaciya kerek. Al, motivaciya modelleri bolsa,

insanda xızmet etiwi, oqıwda bolsaın, jumısta bolsaın, dóretiwshilikte bolsın joqarı nátiyjege, joqarı dárejege alıp shıǵıwı ushın iytermelep, túrtki bolıp turadı.

**Paydalınılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Магун В.С. Потребности и психология социальной деятельности личности. – Ленинград: Наука, 1983. – 176 с.
2. Маслоу А. Мотивация и личность. Электрон ресурс: http://psylib.org.ua/books/masla01/index.htm.
3. Тейлор Ф.У. Принципы научного менеджмента. – М.: Контроллинг, 1991. – 104 с.
4. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. Umumiy psixologiya. – T.: TDPU, 2009. – 322 b.
5. https://motivtrud.ru/PCost/modely.html